

Kisa WIDA ACCESS Ye?

WIDA ACCESS se yon tès yo bay elèv ki nan klas K-12yèm yo ke yo idantifye kòm elèv Anglè yo. Yon elèv Anglè se yon elèv ke yo fòmèlman idantifye kòm yon elèv ki bezwen sipò lang pou reyisi patisipe nan kontni akademik la an Anglè.

WIDA ACCESS mezire konpetans elèv yo nan lang Anglè, nan Ekout, Lekti, Ekspresyon Oral ak Ekriti.

Poukisa Timoun Mwen an Ap Pase WIDA ACCESS?

Yo te idantifye timoun ou an kòm yon elèv Anglè. Elèv Anglè yo pase yon tès metriz lang Anglè, tankou WIDA ACCESS, chak ane. Pwofesè yo itilize rezilta WIDA ACCESS yo kòm yon fason pou verifye pwogrès timoun yo nan metriz lang Anglè.


Ki Jan Yo Itilize Nòt Tès WIDA ACCESS Yo?

Tès la ede pwofesè yo konprann si elèv yo genyen konpetans nan lang yo bezwen pou konplètman patisipe nan salklas la. Ansanm ak travay timoun ou an nan lekòl la, pwofesè yo itilize nòt tès WIDA ACCESS la pandan y ap deside sou fason pou pi byen anseye timoun ou an.

Nòt tès yo ede pwofesè yo swiv pwogrès timoun ou an nan aprantisaj Anglè akademik epi ede lekòl yo deside sou ki sèvis sipò lang Anglè ki dwe bay. Ou ka itilize enfòmasyon tès yo pou defann enterè timoun ou an nan lekòl la.

Metriz nan Lang Anglè

Yon nivo metriz lang Anglè se yon mezi kote elèv yo twouve yo nan pwosesis pou devlope konpetans yo nan lang Anglè ki nesèsè pou jwenn aksè nan ansèyman kontni an Anglè. Lè elèv yo atenn nivo ki pi wo yo pou metriz lang Anglè, yo pa bezwen sèvis sipò lang ankò pou patisipe nan ansèyman ki gen kontni an Anglè.



Prepare pou WIDA ACCESS

- Timoun ou an pa bezwen etidye pou WIDA ACCESS. Tès la se yon opòtinite pou elèv yo demontre tout fason yo konprann epi ka kominike an Anglè.
- Jwenn egzanp kesyon tès WIDA ACCESS sou paj ACCESS Sample Items la sou sitwèb WIDA a wida.wisc.edu/assess/access/preparing-students/practice.
- Prepare pou jou tès la pandan w ap asire ke timoun ou an byen dòmi epi manje yon ti dejne.
- Pale ak pwofesè timoun ou an sou ki lè ou pral resevwa nòt tès yo, fason lekòl timoun ou an itilize nòt sa yo ak fason fanmi w ka soutni devlopman lang timoun ou an lakay la.

Kesyon Ou Ka Poze Pwofesè Timoun Ou An

- Ki lè timoun mwen an pral pase WIDA ACCESS?
- Ki lè mwen pral resevwa nòt tès WIDA ACCESS timoun mwen an?
- Ki jan yo pral anrejistre epi swiv objektif devlopman lang Anglè timoun mwen an?
- Ki jan yo itilize nòt tès yo pou ede timoun mwen an fè pwogrè nan aprann Anglè akademik?
- Ki jan mwen ka deside sou ki lè timoun mwen an sispann resevwa sèvis lang Anglè yo?

